



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1. - Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 saqaris; (apes: f 1,25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soera Katholiek:

1 taon . . . . . f 7,50 } njoewoen kabajar  
1/2 . . . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie:

XAVERIUS-COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN.

Saking begrooting 1930 - Sambet rembag - Centrale raad - Film socialisme - Terang - terangan - Ngeloes poenapa njelek - Ngindjen kori menga - Ontjen sekar gambir melati - Oerap-sari - Panoentoening laré - Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

Saking Begrooting 1930.

Manoet Begrooting 1930, tjtjahing Nijverheidconsulent (jèn ka-Djawa-kaken loegoe: djoeroe-awèh-remboeng-ing-babagan-kawekelan) badé kawewahan kalih; perloenipoen, kados ingkang kadjalèntrehaken ing Memorie van Toelichting op afdeeling IV:

Negari menggalih perloe, matah Nijverheidconsulent satoenggal, tinanggenah njinaoe mokal-botenipoen njaèkaken pandameling gendis gadahanipoen tijang siti.

Indaking saéniipoen taneman rosan margi - pitoeloenganing-Landbouwvoorlichtingdienst, jakin menawi boten sekedik; nanging doemoegi titi-mangsa poenika pandameling gendis gadahanipoen tijang siti, dèrèng kapanggali samesinipoen, satjekapipoen.

Pramila samangké wadjibing afdeeling Nijverheid ngajati ngrembag poenika; djalaran pandameling gendis sanèsipoen, i. p. klapa, siwalan lan arèn, (gadhanipoen tijang siti) oegi neda kasaèkaken, djer poenika sa-toehoe boten sekedik paédahipoen dateng ka-ékonomèn.

Rèhné prakawis pandameling gendis poenika waoe saweg sakedik sanget ingkang kasoemerepan, dados teksih katah sanget ingkang kedah kasinaoe; dangoening - dangoe, Nijverheidconsulent satoenggal temtoe boten badé tjekap. Pramila péranganing Begrooting kaseboet samangké namoeng nijat moerwani njinaoe, wiwitsaking ingkang perloe pijambak i. p. pandameling gendis saking rosan déning tijang siti.

Rèhné ningali gelaripoen sapoenika, saweg Djawi wétan ingkang ambetahaken, pramila consulent badé kapapanaken ing Djawi wétan; poenapa malih, sarèhné consulent poenika boten saged migoenakaken Laboratorium ing Buitenzorg, Djawi wétan badé kaedegan Laboratorium satjekapipoen, lan consulent badé tapi pambantoe tijang sanès. Toemapak ing padamelan taon 1930 dèrèng kénging kaadjeng-adjeng, sebab padamelan neda kaantjeng-antjangan mawi njinaoe leres-leres. . .

Rantjangan poenika pantes sanget katampi kalijan bingahing manah; lan pitoeloenganing Negari ingkang kados makaten, tijang siti pijambak kedah ageng pambijantoinipoen. Inggih poenika satoenggaling prakawis ingkang ndeseg neda kapropagandakaken dateng sadèrèk ndoesoen - ndoesoen, angka satoenggal temtoe kémawon ndoesoen - ndoesoen, ingkang badé katjekap behatipoen, kanggé amiwiti. Propaganda poenika, nitik anggènipoen anggepok kaperloeanipoen tijang tani pijambak, glagadiipoen badé saé panampinipoen kantja alit.

Wontenipoen koersoes Landbouw pérangan rosan poenika, nama barang samesinipoen.

Koersoes saèmper poenika, (vak-cursus), ing tn. Walandi saben mangsa bediding, i. p. menawi siti boten kénging kagarap, sampoen ing poendi-poendi wonten; wiwit Landbouw doemoegi Phisica lan Scheikunde pisan. Rèhné ing ngriki boten wonten mangsa bediding (winter), sadèrèk tani pijambak kapoendoetana rembag, wekdal poenapa sagedipoen sadèrèk waoe saged toemoet koersoes.

Ingang ngørsoes angka satoenggal temtoe kémawon bangsa mantri tani oet. Landbouwconsulent (ing babagan nginggil: Nijverheidconsulent); kekiranganipoen (kadoegi bangsa

90°-nan!) dipoentambeli kaoem terpeladjar, ingkang saged migoenakaken serat panoentoen (handleiding) Ingkang damel handleiding, nitik toedjoening koersoes, menawi boten prijantoen ingkang tinanggenah njinaoe waoe, inggih tijang sanès mawi sarembag lan prijantoen Nijverheidconsulent poenika.

Isidoor de boer.

„Sambet - rembag.”

Ngladjengaken.

Rembag ingkang koela adjengaken ing minggoe kapengker, menggahing djagad kita Djawi, pantjen dèrèng gadah; mila menawi badé doemoegi ing „beroeptsstanden” waoe, teksih tebih margi ingkang kedah kaambah. „Beroep” poenika pakarjan; „stand” leresipoen sanès „pakempalan”, nanging „golongan”, kados ing tn. tn. Éropah wonten: deftige stand, middelstand, boerenstand, arbeiderstand, i. p. golongan prijantoen, dagang, tani lan koeli. Mila beroepsstanden poenika pakempalanipoen tijang-tijang ingkang toenggil golongan.

Vereeninging poenapa ingkang kedah dados beroepsstand poenika waoe. Koela mendet gelaring gesang oemoem ing negari Landi, ingkang sampoen kapernata sadjinis ada-ada poenika, kanggé mangoelli pitakèn ing nginggil, ngiras toelada. Mila boten mendet ada-ada ing ngriki, koela manah teksih kirang djembar. Sebab ada-ada kados makaten, ing ngriki nama saweg wiwitan. Ingkang gadah ada-ada poenika sad. Katholiek lan Protestant Walandi. — Gadahanipoen sad. Kath. i. p. Kath. Onderwijzersbond, Bond van Onderofficieren St. Ignatius, lan Bond van Marinepersoneel St. Christophorus; déné gadahanipoen sad. Protestant: de Christelijke Onderwijzers-vereeniging (C. O. W.), de Christelijke Militaire Vereeniging lan Chr. Marine-bond toewin Politie-bond, ingkang sekawan-sekawanipoen samangké manonggal dados: Verbond van Christelijke Vak-organisatie's (V.V.C.V.O.) — Wangsoel dateng negari Landi malih.

Bonden oetawi Vereeningen poenika kapérang dados kalih i. p. OEMOEM (Algemeene Bonden) lan BOTEN OEMOEM (Vakbonden).

Alm. Bonden, gadahanipoen sad. R.K. ing Nederland wonten: kanggé kaoem berah, de N.R.K. Volksbond, de R.K. Werkliedenvereniging, lan de St. Josephs - Gezellen (ing St. J. - G. kaoem - mberahaken oegi kénging dados warga)

kanggé kaoem middenstand: de Hanze;

kanggé bangsa tani: de Boerenbond;

kanggé kaoem amberahaken-ageng: de Algemeene Werkgeversvereniging.

Nitik mantja-warnaning golongan ingkang kalebet ing Algemeene Bonden kaseboet, tangèh sagedipoen kelampah, jèn ta bond-bond poenika waoe badé kadjangkaken dateng „publiek - rechterlijke beroepsstanden.” Pramila toedjoenipoen bond-bond poenika inggih sanès poenika, nanging:

1) njekapaken betahing warga-warga ing babagan agami lan kasoelasan;

2) ngoedi kaidakaning kawroehipoen para warga ing babagan sosial (sociale ontwikkeling), sarana ngedegaken bibliotheek, (sociale bibliotheek), lan koersoes-koersoes (sociale cursus);

3) manah ngagengaken gegadahan, amrih katjekapaning behatipoen (stoffelijke belangen), sarana ngedegaken kas - tjèlèngan, kas - poerschoot lan verzekering.

Djaman samangké „Algemeene Bonden” limrahipoen kaseboet „Standorganisatie” oetawi ada-ada golongan, sebab njakoep sadaja golongan oetawi „kaoem”; mila kosok-wangsoel kalijan ada-ada tijang toenggil pakarjan, ingkang nama Vak-organisatie. Poenika boten njakoep sadaja golongan, na-

nging namoeng para toenggil pakarjan. Samanten roemijin. Minggoe wingking, menawi doemoegi, ngrembag „Vakvereeniging”

H.

Centrale Raad.

Centrale Raad poenika sami kalijan P. K. W. ing kalangan Katholiek Djawi.

Kala tanggal 24 Djoeni, Centrale Raad waoe parepatan wonten Ngajogjakarta.

Ingang ndatengi parepatan waoe: wakil-wakil K.S.B. saking: Betawi, Mr. Cornelis, Bogor, Bandoeng, Cheribon, Semarang, Magelang, Djokja, Solo, Soerabaja, redacteur Soc. Leven en Streven toewan P. Kerstens, Pastoer Huygens Adviseur-ipoen Centrale Raad, poenapadéné Pandjenenganipoen Kangdjeng Biskop Mgr. van Velsen.

Poatoesan saking Conferentie-nipoen para Biskop. Kangdjeng Biskop Mgr. van Velsen, wonten parepatan ngriko mangandikakaken poatoesaning conferentie-nipoen para Biskop babagan dapoekaning Centrale Raad sarta K. S. B.

Communique-nipoen conferentie waoe angakeni bilih K. S. B. katah sanget lalabetanipoen, gandèngipoen para Katholiek ladjeng saja saé.

Conferentie waoe mrajogèkaken wontening éwah-éwahan ing dalem K. S. B. ingkang bakoe kados ing ngandap poenika:

I. Statutenipoen. K. S. B. boten soesah dipoenéwahi, namoeng kémawon ing huishoudelijk reglement soepados dipoenwontenana artikel ingkang andjalèntrehaken karsa dalem Kangdjeng Santo Bapa ingkang énggal pijambak babagan Actie Katholiek, mawi kakantènanana sarana-sarananipoen ingkang perloeperloe. Déné oenglipoen kiranglangkoeng makaten:

Manoet karsa dalem Kangdjeng Santo Bapa, para warga anggènipoen nggajoch ngrembakaning prakawis sosial ing Indija ngriki, ingkang bakoe sarana andjembaraken Karaton Dalem Sang Kristoes sarta jajasan-jajasan oemoem ingkang boten dados laladaning pakempalan politiek.

Déné sarana ingkang sanget dipoenprajogèkaken, i. p. kerep nampèni Salira Dalem (algemeene communie), mangrasoel krida, toehoe andatengi parepatan, sarta saraséhan, poenapa déné poeroen njamboet-damel kanggé perloening pakempalan.

Oegi kinarsakaken soepados ing pakempalan ngriki-ngriki wontena tijang mitjara ingkang anjolangaken prakawis mangrasoel krida.

II. Geestelijk Adviseur-ipoen C.R. sapoenika dipoenbenoem wawakil ing Pasamoean Soetji, déné warga pangrèhipoen kedah noenggil pangènan kalijan papanipoen G.A. waoe.

III. Sapoenika, C.R. boten kadadosan saking oetoesan-oetoesanipoen sadaja pakempalan, nanging saking wawakilipoen djadjahaning Pasamoean Soetji ingkang wonten pakempalanipoen satoenggal oetawi langkoeng. Ing kabiskopan ingkang katah pakempalanipoen, badé dipoenwonteni Bonden-raden ingkang anggandèng Centrale Raad kalijan pakempalan-pakempalan waoe, sarta Bonden-raden waoe ingkang milih warganing C.R.

IV. Isining organ dipoenéwahi makaten: 1). Hoofdartikelen ingkang wonten ngadjeng ngrembag dadasardasar Katholiek sarta toemamanipoen wonten ing praktik. 2). Angringkes poenapa - poenapa ingkang kalampah wonten ing pakempalanipoen. 3). Ngewrat ringkesan actie Katholiek ingkang kalampah wonten ing Nederland sarta tanah mantja. 4). Gandèng kalijan toedjoenipoen K. S. B. poenapadéné karsa dalem Kangdjeng Santo Bapa pinten-pinten, ingkang angresakaken pisahipoen politiek kalijan sosial, ing organ ngriko boten kénging ngrembag rembag actie politiek kados déné pilihan, oetawi kritik

dateng politiekipoen Negari.

Namoeng menawi actie politiek waoe anggepok betah Katholiek sarta ngèngingi prakawis ingkang mligi babagan economie, ing organ ngriko kénging ladjeng adamel djérèngan(principieele uiteenzetting). 5). Pakempalan-pakempalan sasaged kedah ndadosaken lengganan warganipoen, kedjawi warga ingkang mondok wonten grijanipoen salah satoenggiling warga. 6). Kaprajogèkaken amanah wontening redactie commissie. 7). Gandèng kalijan wontenipoen koran alit-alitan ing ngriki-ngriki, sarta oegi ngèngingi éwahing tatananipoen centrale organ, poenapa boten prajogi manawi organ poenika kawangsoelaken dados woelanan oetawi satengah woelan?

\*\*

Wedalipoen communique poenika nama kapanoedjon sanget. Ing ngriko katerangaken tjeta poenapapoenapa ingkang perloe-perloe ingkang sajogi dados panoetaning actie Katholiek. Sadaja ingkang wonten parepatan sami najogjani. Toemindakipoen dedasar-dedasar énggal waoe badé saged angoedari ribed ingkang sagedagan poenika timboel wonten madyaning pakempalan. Communiquenipoen conferentie waoe toemrap babadipoen Actie Katholiek ing tanah ngriki tetep dados prakawis ingkang saklangkoeng wigatos. Kaangkah bédjeng tanggal 1 Djanowari '30. Angkahipoen, bédjeng tanggal 1 Djanowari '30 tatanan énggal waoe badé wiwit katindakaken.

Kadjawi poenika, ing parepatan C.R. kaseboet nginggil taksih wonten poatoesan-poatoesan kados ing ngandap poenika:

1. Idam-idamanipoen „Silenter” kaseboet ing Soc. L. en Str. 4 Dec. 1928, soepados ing ngriki dipoenwontenana filmcentrale, wekdal sapoenika dèrèng saged katindakaken gegajochan kalijan kawontenaning arta Babagan film, C.R. badé neroesaken tjaranipoen ingkang sapoenika roemijin.

2. C.R. anggadhahi pamanggih, wekdal sapoenika dèrèng titi mangsanipoen ing ngriki dipoenwonteni Alg. Eucharistisch Congres. Nanging menawi kaparengaken Pangagenging Pasamoean Soetji, saged ngawontenaken konggrès mekaten waoe kanggé sa-Kabiskopan oep. kanggé tanah Djawi Wétan-, Tengah kalijan Kilèn.

Sedyanipoen I. K. P. ngawontenaken Één-ton fonds kanggé De Koerier, dipoentampi. Conferentie-nipoen para Biskop wonten Moentilan, mangajobagja sanget soepados satanah Indija sami anandangi. Déné ingkang njepeng toentoenan oemoen, Centrale Raad.

3. Parepatan amoetoes: Dinten ageng Mékrad dalem Dèwi Marjah (15 Agostoes) soepados sampoen ngantos kaanggep dinten liberoeran.

4. Oeroenipoen pakempalan dateng C.R., badé kapranata kados voorstel Soerabaja boten presènan saking goenggoenging arta kontribusi ingkang mlebet; satoenggal-toenggaling warga kémawon kapestèkaken kedah oeroen samanten dateng C.R. sabelah taon. (f 0,50 sataoen).

5. Bestuur sapoenika kapilih malih ngantos doemoegi mbédjeng toemapak ing éwah-éwahan waoe.

6. Ingkang kapilih dados warganing Partijraad I.K.P.: toewan J.B. Molenkamp Betawi, kalijan G.H. de Man Soerabaja.

7. Oesoel Mr. Cornelis: ngawontenaken komisi kanggé njinaoe rembag „Pitoeloengan dateng batih ageng,” dipoentampi.

8. Voorstel Mr. Cornelis: ngedegaken pakempalan toenggil damel Katholiek (Kath. Vakorganisatie) badé dipoenbijantoe sanget déning C.R.

9. Voorstel Mr. Cornelis: ngawontenaken C.R.-instituut ingkang manah para ngoepados pandamelan toewin para tijang nganggoer kanggé

satanah Indija, katah ingkang boten ngroedjoeki.

10. Oesoel Mr. Cornelis: ngawontenaken ondersteuningfonds kanggé wandawa Katholiek dipoenroedjoeki. Nanging kanggéipoen sapoenika kaprajogèkaken soepados pakempalan-pakempalan kémawon roemijin ingkang ngadani ondersteuningfonds waoe.

11. Voorstel Mr. Cornelis: ngawontenaken koersoes verpleegster toewin doekoen baji kanggé laré èstri Katholiek, boten saged katampi. Koersoes makaten poenika dados koekoebanipoen pakempalan Melania pijambak.

12. Oesoel Bandoeng: neda soepados toenggalan oeroenipoenpakempalan dateng C.R. kanggé taon 1927, dipoentjalaken, oesoel poenika boten dipoentampi.

13. Angrembag prakawis redactie Soc. Leven en Str. Poatoesanipoen C. R., toewan P. Kerstens tetep ngmoedèni Soc. L. en Str. doemoegi bédjeng manawi wiwit anindakaken éwah-éwahan. Ingkang wadjib ngangkat redacteur sarta redactie commissie kanggé koran bédjeng sabakdanipoen wonten éwah-éwahan, poenika C.R. mbédjeng.

Parepatan ing nginggil poenika tapoekipoen djam 8 éndjing, doemoegi djam 10 1/2 sonten, namoeng mawi ngaso 1 1/2 djam. Ing ngriko katawisi sajoek toewin roekoen, wonten roekoen tjara Katholiek saestoe, mila angsal-angsalanipoen inggih maremaken.

KOEROE SÈTRA.

FILM - SOCIALISME.

Manoet bèbèranipoen, ki Raka Pramila ing Sw. Tm. no. 20, poen: Socialisme dipoentingali satlèraman, saestoe ménginaken, déné badé andjoendjoeng dradjading kaoem berah, ngijataken kaoem sèkèng, andjadjara ngiken dradjading tijang, tjotjog lan kibiripoen anggèning badé toemoet ngrebataken kamardikan, ngrèntjangi kaoem kabangsan, mèmper jèn kala pakempalan 1 Mei wonten ing Djakarta, toewan Middendorp tapi keplok ingkang anggambarakaken

Nanging manawi kalebetaken malih, oetawi tijang ngras bilih ingkang waras nalaripoen, kados mas Pr., prakawis poenika boten badé saged kalampah. —

Poenapa malih, nitik wontening pranatan: laki rabi lan comm. bezit, ngantawisi bilih sampoen tjelak lan communist.

O, mila inggih makaten . . . . .; soc. poenika wedaring comm. ing kalangan njamboet-damel.

Inggih soc. poenika wiwitanipoen comm. marginipoen comm. lan topèngipoen comm. Samangsa Socialisipoen sampoen andados, inggih ateges: ngominis, namoeng namanipoen kémawon gèsèh, awit poen comm. sadjakipoen sampoen angsal titel: Gr. gendroewo?

Moerih tjetanipoen, soemangga koela atoeri!

„I.S.D.P. Ind. Soc. Dem. Partij, ingkang sampoen koela piremng, kadjawèkaken: Soesila demen Ngrata,” poenika wedaring Soc. ing Indonesia ngriki. Tijangipoen I.S.D.P., inggih poenika: 1 Baars, sampoen andidik: mas Semaolen, Darsana, Alimin. — Taon 1916, Semaolen teksih lèlawaan serat lan Baars ing bab badé anggènipoen kodjah, sdr. Semaolen wonten ing Congres S.I. ing Bandoeng.

Margi poenika, ngantos kelampah, S.I. haloeanipoen ménggok mangiwa, lan kedjawi poenika, inggih ngwontenaken djoemedoelipoen: Sarékat Rajat ingkang misoewoer poenika.

Poenika sadèrèk tjitjilan, tjelikan ingkang sampoen kawedar loemantar T. Baars ingkang kabariipoen sakedap malih badé; ngindonesia.

Ta, pitados! Soc. margining Comm., wedaring comm. kados déné wit lan ojidipoen, makaten pangandikani-



saé ta preloenipoen.

2. Sawenéh, namoeng margi soepados sakétja tindak-tandoe kipoen, oepaminipoen kados ingkang wonten gagasan koela pijambak: „Akoé iki karo si Anoe kaé, basakoe kaprijé? Jèn dakbasani, wong dèk bijèn ri-kala ngabdi bapak dakngoko waé; jèn ora dakbasani, wong saiki wis dadi prijadi ambtenaar”. Sarèhning pijambakipoen saged basa Walandi, ladjeng koela adjak omong mawi basa Walandi. Woosana ladjeng sakétja toemindakipoen boten mawi sangga-roenggi.

3. Margi ingkang dipoenpahami basa Walandi, jèn ngandikan mawi basa Djawi kirang loewes, kaken, djalaran roemjiniipoen kaprédi sanget ngandikan mawi basa Walandi déning goeroenipoen lan tiyang sepoehipoen. (Wonten lo poenika, lan inggih radi katah). Woosana jèn wonten ing padjagongan prijantoe wong radi tjoto, ingkang dipoen-grètèhi namoeng ingkang saged basa Walandi, déné kalijan ingkang boten saged namoeng ngandikan sakétja kalih ketjap. Poen Tjoeblok ingkang sajektos ladjeng kléntoe tapi, roemaos dipoenrèmèhaken dipoenétjé, roemaos dipoenanggep dédé tiyang. (La rak memelas kesangeten, anggènipoen Tjoeblok, moegi énggal wonten ingkang mitoeoengil). Poen Tjoeblok waoe ladjeng teroes adoel-adoel ingkang boten-boten, woosana saged damel gendra. Memelas ping pitoelikoer poenika. Tjoeblok sajektos poenika, djalaran jèn namoeng boten saged basa Walandi kémawon, boten dipoenwastani poen Tjoeblok.

4. Margi étok-étok boten saged basa Djawi, jèn dipoenpitakèni sadèrèk ingkang boten dipoenjtjogi, ingkang boten saged basa Walandi, preloenipoen njingkir oedoe. Nanging sadèrèk ingkang boten saged basa Walandi waoe wonten ingkang tjoebloek sajektos, boten saged nampi, poenapa kadjengipoen wangsoelan ingkang étok-étok poenika, malah ladjeng kanggé garan anggènipoen segit, garan kanggé nggroendel, soepados wonten gendra. Langkoeng memelas poenika. Tjoti jèn saged moegi karsa njaékaken kawontenan poenika!

Ing woosana sadèrèk Redi Séla lan sanèsipoen sampoen énggal-énggal doeka jèn mireng sadèrèk Indonesia sawatawis ngandikan mawi basa Walandi lan sami métanana sebab-sebabipoen.

Ngrontjé sekar.

Katoer Mevr. Soetjilah-Atmasoedarma.

Tjotjog sanget, kalijan idam-idaman pandjenengan, ingkang kawedar wonten ing tjarak-a-warta Swarata, ingkang medal: 5 Juli 1929. Wosipoen soepados para prija kagoengana teta slira dateng garwa, agendon-roekon, toeloeng-tinoeloeng, tresna-tinresnan, andjanka dateng kasampoernan. Poenika waoe sadaja pantjèn sampoen sames-tinipoen, salaras sanget kalijan koe-wadajiban lan toedjoenipoen tiyang rerajatan. Dados jèn makaten kagoeng poetri sasaged-saged kedah moengkoel angoedi kaeoetamèn, é-moet-ingemoetan, djagi-djinagi ambotjal ingkang awon, oetawi lampah ingkang mblasar. fine lady!!!! Para sadèrèk poetri Indonésia sadaja! sampoen kok ladjeng njeboet: „Adeh! Adeh!” oetawi sampoen alit ing panggali, jèn namoeng dipoenawisi:

a. Anggèn pandjenengan kagoeng ingkang boten patoet.

b. Anggèn pandjenengan main kertoe oetawi domino lsp.

Pandjenengan malah wadjab ma-toer noewoen dateng ingkang raka, déné kok tresna dateng pandjenengan, kersa angélikaken lampah pandjenengan ingkang blasar. Pandjenengan sadaja rak inggih sampoen pirsu sadaja ta?

a. Tingkah boten patoet; poenika poenapa oetami, ta?

b. Main kertoe oetawi domino lsp. Poenika poenapa sarananipoen pados kasampoernan ta? (O, kasampoernan ngoetoe. Kadjawi ta, jèn poenika ingkang dipoenkersaken. Koela trimah ngawoni. Jèn karsa, noen!) Namoe kémawon, weling koela dateng para prija, temboenganipoen kémawon, ingkang aloes, mindak njerikaken. Jèn mila kados ingkang dipoenandaraken Mevr. Atmasoedarma poenika pantjèn inggih radi pedes. Nanging jèn wongsal-wangsoel boten anggèng kados-poendi malih.

Sadèrèk wanita, sanadjan pandjenengan inggih kagoengan vrije wil lan inggih kagoengan hak sasami-sami kalijan kakoeng, sampoen kok ladjeng poenapa-poenapa idem kakoeng. Pandjenengan kedah mawas, awit pandjenengan oegi kawadjab andjagi kawiloedjenganing kakoeng. Manawi ingkang raka lampah amblasar, main, minoem lss. pandjenengan sampoen ladjeng a-

nimbangi. Tenèh inggih kados-poendi. Sasaged-saged kedah ngrèk-daja soepados kakoeng mantonana tindakipoen waoe. Jèn makaten temtoe badé toemindak saé saétoe. Sampoen kok ladjeng dija-dinija. Kowé ngono, akoe ja ngéné. Lah rak ora karoewang! Lanang wadon pada déné.

Mevrouw Atma! Pandjenengan ngandika: „Dados tiyang ingkang dèrèng dipoenwasa lan dèrèng gadah sémah poenika namanipoen dèrèng sampoerna lan dèrèng merdika.” (Para pastoor, Broeder lan kloosterlingen sanèsipoen, poenika saking wawasan pandjenengan kados-poendi?)

Noewoen Bagawan Tjtoning. Taman - Gading.

Sakedik édang.

Pangrontjènipoen sekar gambir melati, apepoetjok „Regentconferentie” ing Swara Tama tanggal 14 Juni 1929 no. 19 radi kekentjengen benangipoen, sisip-sembiripoen benang saged pedot, wasana sekar gambir melatinipoen saged dados loegoer, pating ketjètjèr boten kanten-kantenan poeroegipoen. Koela boten maiben pangrontjènipoen sadèrèk Patjar Mérah, tiyang poenika Pemoeda wasis wjtjara, dasar katah seserepanipoen, djembar wawasanipoen, éwadéné sadèrèk P. M. radi semoe ngétjé para Boepati. Walèh-walèh poenapa, koela Paljoen-Brata-Amiséna dédé poetra wajahipoen prijantoe kaseboet, prasasat djoeroe-koentjinipoen; sareng maos karanganipoen sadèrèk P. M. kapeksa toemoet tjawé-tjawé badé ngengakaken kori. Karangan poenika waoe toedjoenipoen saé tjekak, mentes, nanging semoe-semoenipoen isi piwoelang kanggé para Boepati ingkang sami rawoeh ing conferentie. Telas-telasaning karangan wonten oekara ingkang ladjeng koela kapeksa ngangkak koentji. Mila saradan „Wedik nek kesikoe” waoe sampoen ngantos doemoenoeng wonten pandjenengan. Sampoen ngantos „Regentconferentie” waoe, pandjenengan malihken asipat”. Noen-inggih-conferentie”. Jèn nitik oekara poenika sadèrèk P. M., kados nengani conferentie kaseboet . . . . . andak pandjenengan wonten conferentie ngrikoe, sadèrèk P. M.? Jèn mila wonten ngrikoe saétoe, dados tjeta anggèn pandjenengan mirengaken, koela mandar mangajoe-bagja . . . . . Déné manawi boten, pangrontjé pandjenengan radi kekentjengen, prasasat nama ngétjé para Boepati kaseboet, liripoen pandjenengan njaoosi oelar-oelar dateng prijantoe inggih, soepados para Boepati waoe ing conferentie sampoen ngantos ngaping kalih awoedjoed „noen-inggih-conferentie”.

Minangka panoetoe ping kori koela wangsoeli sapisan engkas, manawi pandjenengan boten nengani Regentconferentie kaseboet oetawi pandjenengan namoeng mireng saking ndjawi, langkoeng-langkoeng saking tiyang ingkang sengit prijantoe Boepati, koela kapeksa njaoosi pamrajogi pandjenengan sadèrèk Patjar Mérah (samanten poenika jèn kagalih), bilih pangrontjé pandjenengan radi mlèsèt sakedik, sisip toeranganipoen ndadosaken rénggang (=nebihaken), wasananipoen badé saged ndamel soedaning koentjara pandjenengan.

Singosari, 16 Juni 1929. Satrija Wétanan. P. B.

Wangsoelan.

Bingah sanget, déné koela saged toemoenten nglegani panggalihipoen saodara P (aljoen) B (rata Amiséna), njaoosi wangsoelan pandjoenipoen. Genging panoeuwen koela dateng redactie ingkang sampoen kapareng maringi pirsu karangan kaseboet nginggil.

Atoer wangsoelan koela makaten: a. Koran pinten-pinten sami martosaken Regentconferentie waoe! Poenapa koran-koran waoe inggih sadaja sami nengani conferentie? „Toelar-toeloelar” poenika éwoning laqéjan ing salebetuag djagad serakababar.

b. Prijantoe! Patjar-Mérah boten mastani „Regentconferentie” santon sipat dados „Noen inggih conferentie”! Koela ma-toer: sampoen ngantos enz. Basa sampoen ngantos, sok prijantoe temtoe mangertos larasipoen. Anggèn koela matoer sampoen ngantos . . . . . margi prijantoe Djawi poenika manawi wonten ngadjenaning pengageng adatipoen kerep namoeng sarwa noen inggih! Sokoe ta jèn taen 1929, sampoen boten wonten model noen inggih waoe!

Kalijan malih, toemrapping kanjataan oetawi njata, poenika boten mawang andap inggiling pangkat. Sanadjan nginggil jèn lepat inggih tetep salah. Boten badé lepat waoe malih dados leres doepèh ingkang kadoenoengan lepat prijantoe ageng.

Samanten kémawon, kados sampoen tjekap. Koela doegi, djengandika sampoen saged tampli!

Taklimipoen kadang pandjenengan poen: Patjar Mérah.

V A R I A.

Gesang sesrawoengan.

(Sambetipoen Sw. Tm. no. 21).

Lakar ija djé, ora kena! djawab koela. Badé toemoet sembahjang tjara R.K. wonten ngrikoe, koewatos koela mangké gèk diarani miloe

sembahjang (donga) tjara kendoerèn, milotrimah ningali; awit sanadjana ming diarani, saged ndjalari boten sakétja. Ingkang makaten waoe manawi dong kepeksanipoen, kados atoe koela ing nginggil. Kados-poendi ta menggah panimbangipoen kiloerah Redacteur?\*)

3e. Oepami tiyang R. K. njlempit waoe toemoet-toemoet nglampahi adat tata-tjaranipoen tetijang ngrikoe, poenika wawasan koela (kidjaka bodo) kénging kémawon. Ning mawi wonten ning-ipoen, inggih poenika ingkang boten njelajani oetawi boten tjengkah kalijan kapitadosan kita, toer boten langkoeng saking madjad. Namoe kémawon anggènipoen mastani poenika tjengkah poenapa boten, radi pakéwed. Oepaminipoen oedjoeng ing wekdal rijadi! lsp.

Wonten sawenèhing kantja ngandika: „Jèn bisa mono ja loewoeng ora gelem (adja) miloe baé, wis bar!” Sagnet anggènipoen kasinggihan poenika. Anamoeng kémawon la inggih tiyang! Poenapa inggih badé ndéwé-wé poenika? Ingkang oegi kedah kadjagi réhning kita poenika taksih mawi badan, djasmani oegi boten kénging katilar, sanadjana dawah no. 2! noen. Mangka tiyang poenika boten sepen ing roebéda. Jèn dong sambékala ndatengi, sinten ingkang badé toeloeng, manawi sanès tiyang ngrikoeipoen?

Mila preloe kita (langkoeng-langkoeng ingkang mentjil) R. K. ngetingngalaken daad kita, daad ingkang saé, sampoen (adja) kok daad ingkang moeroegaken kirang prajogi! Jèn daad kita R. K. mentjil waoe, boten adamel senenging sanès, poen badan djasmani inggih dipoen . . . . . Ta, ja! Ning ja ora kena diséfaki.

Mila . . . . . o—daad—daad! Bab poenika soemangga pra noepiksa! Pramila koela kraja-kraja ngrembag bab poenika ing ngriki, awit ingkang mendjila boten ngamoengaken koela kémawon!

Taklim

L. Sa-Kersa.

\*) Pleg. kados ingkang poen ngendikakaken. Red.

Pamilahing tindak dados kalih: tata-tjara lan wadjab, poenika éstoeipoen mengeng sanget. Destoen: soenat lan wadjab, dines lan partikelir . . . . . Mila makaten, awit wonten tata-tjara kang wadjab. Oepami: sinten badé sowan Ngrasa dalem, koe-wadjaban nganggé tata-tjaraning tiyang sowan Ngrasa dalem. Koe-wadjaban: djer wadjab makaten barang ingkang kedah katindakaken lan manawi boten katindakaken wonten oekoemanipoen.— Manoe ageng aliting oekoeman, kita ladjeng mbédakaken wadjab ageng lan wadjab alit.— Geloejing wadjab kekalih temtoe kémawon wadjab ageng kedah kamentangan.— Kapendit pepoentoning rembag: éstoeipoen namoeng wonten wadjab satoenggal ingkang tansah kedah kamentangan i.p. wadjabing sadaja manoesana kedah soewita ing Pangéran. Mila sadaja ingkang tjengkah kalijan poenika kedah kasingkiraken. Tjara tjeplosipoen: wong ora kena nglakoni dosa, inggih sanadjan margi boten nglampahi dosa waoe tiyang manggih sambé-kala.

Namoeng kotjapa: a) katah prakawis ingkang boten tjeta lan botenipoen kalijan wadjab ageng waoe; b) wonten malih ingkang boten saé lan boten awon; c) saé, nanging prajogi boten katindakaken. Prakawis: a) wadjab kita njoeuwen priksa dateng rama Pangèn ing ngrikoeipoen, ingkang paham dateng gelaring kawontenan (omstandigheden). b) mana soeka: c) kados déné sembahjang ingkang boten katindakaken déning sadèrèk panjerat, nalika katimbalan Kawedanan. Tjekap samanten, kagem oelar-oelar sawatawis. Manawi tekisih wonten pakéwed sanès, koela atoei moendoet priksa. Red.

OERAP-SARI.

KABAR KATOLIK.

Kabar njenengaken (Moentilan).

Poen Tjèkèl martosaken: Nalika Akat tanggal kaping: 7 Joeli poenika Convict (pondokan) ing Moentilan ingkang No. 4 kaberkahan déning pandjenengan Rama Rector van Baal. Ingkang ndjoemenengi para rama Pastoeur ing Moentilan 5, saking Ngajodja namoeng rama Schmedding (tilas Rector ing Moentilan) pijambak. Kedjawi poenika taksih karawoehan para Fraters, Broeders ing Moentilan kalijan prijantoe djawi ing Moentilan sawatawis, kadosta: pandjenenganipoen Gep. Collecteur, Dokter, Schoolpziener toewin para goeroe<sup>2</sup>. Wiwitipoen mberkahi kinten-kinten djam 10, déné bibaripoen kirang-langkoeng djam setengah sawelas. Ingkang manjani (Zingen) temtoe kémawon koor ing Moentilan ingkang kaasta déning Rama Coenen. Anggènipoen manjani kalebet gandum.

Bibar mbrekahi Rama Rector van Baal medar pangandika, wosipoen: 1e. Mahjakaken panoeuwenipoen:

a.) dateng para ingkang ngréntjangi menggahing adégipoen Convict no. 4, langkoeng-langkoeng dateng Hoofdbestuur v/d Broeders ing Maastricht, mandar Senèdipoen badé dipoenkintoeni tilgram.

b.) dateng pandjenenganipoen Rama Schmedding (tilas Rector ing

Djagad Katholiek ing Nederland kalijan Indija.

1. Tilgram Aneta saking Den Haag tanggal 4 Djoeli, martosaken kawoesananipoen pilihan warga Tweede Kamer, kados ing ngandap poenika:

- Golongan Katholiek ingkang kapih: 30 (sami kalijan kala taen '25).
2. Soc. Democraten 24 (kala taen '25, inggih 24).
3. Anti-revolutionairen 12, (kala taen '25, : 13).
4. Christelijk-historischen: 11 (sami kalijan kala taen 1925).
5. Vrijheidsbond: 8 (kala taen '25 : 9).
6. Vrijzinnig democraten : 7 (sami kalijan kala taen 1925).
7. Staatkundig Gereformeerde Partij: 3 (kala taen '25, 2).
8. Communisten: 2 (kala taen '25 : 1).
9. parté alit-alit : 2.
10. Hervormd Gereformeerde Staatspartij : 1 (kala taen '25 inggih 1).

Dados, golongan Katholiek ingkang anggadhahi angka inggil pijambak. Prakawis poenika temtoe kémawon adamel bingahipoen wadawa Katholiek satanah Walandi, loemèberipoen anjrambahi gotrah Katholiek ingkang kéblat sekawan!

Tanah Nederland, misoewoeripoen tanah Protestant.

Tanah Walandi djiwanipoen oedakawis wonten 7 joeta, ingkang Katholiek kirang langkoeng namoeng wonten sapratiganipoen!

Soeprandéné, koersinipoen golongan Katholiek wonten ing Tweede Kamer katah pijambak! Prakawis poenika mertandani, sapinten daradjadiipoen gotrah Katholiek ing ngriki!

Tjilik, ning mitajani, inggih wadawa Katholiek ing tanah Nederland! Sakedik nanging santosa, inggih poetraniipoen Pasamoeran Soetji ing tanah Walandi!

Gèk mbéndjig poenapa Katholiek Djawi saged katoelaran makaten???? 2. Para sadèrèk! Ing nginggil, pandjenengan pirsu montjèripoen kadang pandjenengan toenggil Panoetan ing tanah Walandi!

Ing nginggil djengandika pirsu daradjadiipoen gotrah Katholiek ing Nederland!

Sasampoenipoen kita anjawang kawontenan ing ngriki, kedah oegi ladjeng njatèkaken kawontenan ing dalem djagad kita Katholiek Djawi!

Ing nagari Walandi, para maos! pandjenengan pirsu sadèrèk-sadèrèk pandjenengan sami loenggoeh angedangkang wonten Tweede Kamer, toer tjatihipoen kapétag katah pijambak!

Wonten tanah Walandi, saodera-

ral, djengandika pirsu wonten kadang pandjenengan prijantoe poetri (Mej. J. A. J. M. Meijer) loenggoeh angloenggoehi koersi Tweede Kamer.

Nanging manawi pandjenengan mirsani tanah ngriki . . . . . satoenggal kémawon boten wonten tiyang Katholiek Djawi ingkang toemoet remembang wonten ing Raad Kawoela! Prakawis ingkang njolok mripat poenika kedah kita prihatosaken saéstoel!

Para maos! Mentas kémawon koela maos boekoe „Mededeelingen der regering omtrent enkele onderwerpen van algemeen belang (Mei 1929)”. Wonten boekoe poenika nagari Indija andjalèntèrhaken prakawis<sup>2</sup> ingkang magepokan kalijan: politiek, volkenbond, economie, onderwijs, toewin montor maboer.

Ing pérangan „De Nationalistische actie” koela saged soemerep namonipoen pakempalan: P. N. I., P. S. I., P. P. P. K. I., Studieclub Soerabaja, toewin B. O.

Ing pérangan „Vereenigingen op godsdienstigen grondslag” koela saged soemerep namonipoen pakempalan: Mohamad Djah, Nahdatool Oelama, Ahmadijah, Wal Fadrijie.

Nanging, . . . . . nanging . . . . . babar pisan boten wonten ingkang njeboetaken P. P. K. D., P. K. W.

Prakawis poenika sanget andadosaken goemoen koela!

Poenapa Nagari boten pirsu manawi ing kalangan Katholiek Djawi anggadhahi pakempalan: P. P. K. D., P. K. W., lss. waoe? Selak mokal! djer Paréntah poenika boten woeta lan inggih boten toeli! Toer pakempalan kita inggih sampoen gadah rechtspersoon.

Poenapa pantjèn kasengadja dipoenkoewalokaken? . . . . . „Kilap!” Poenapa doepèh taksih golongan alit déné ladjeng boten toemoet kapétag? Poenapa doemèh boten atradjang revolutionair??

Éwadéné, . . . . . kita sampoen ladjeng katenta ngontjèki „Nginggil” kémawon. Kita kedah mremanakaken kawontenan kita pijambak! Saged oegi anggènipoen ngantos wonten lalampahan makaten waoe margi lepat kita pijambak!

„Tjilik mitajani!” makaten kawontenanipoen gotrah Katholiek Nederland!

Poenapa kita boten saged kados sadèrèk-sadèrèk kita ing tanah Walandi waoe?

Para maos! Koela taksih anggadhahi pangadjeng-adjeng, ing ngriki inggih badé wonten kala mangsa kados Nederland: golongan Katholiek kinerangan. Awit, kawontenan makaten poenika taksih kénging dipoenichtjari, waton pandjenengan sami toemandang kémawon.

Pandan Wangi 7 Djoeli. Taklim: Patjar Mérah.

CORRESPONDENTIE.

Sad. S. Gadga. — mbok menawi pandjenengan pijambak inggih sampoen tampi soeroas ngesing rembag prakawis „rubrik agami” roemijin: poenapa malih, pandjenengan rak inggih sampoen maos wara-wara Red. prakawis kados-poendi kedah ngesing karangan! Sad. A. Robiman — sampoen kaeroes: sanès dinten tampi.

KABAR OEMOEM.

Indonesia.

District Moentilan kanggé adjar perang.

M. Pr. martosaken makaten: Saking pratèlanipoen loerah koela pikantoe katrangan: Para rasoekan idjem waoe datengipoen ing dinten Senèn tanggal 8. Goenggoengipoen sedaja 2000 saking gamsal panggénan i.p.: saking Solo, Ngajodja, Poerwardja, Magelang toewin Salatiga. Saben loerah doesoen satoenggal kedah ngladosaken damèn wawat 6 datjin, roempoe 120 katos, sarana tampi karoegian. Éwadéné oewos, kadjeng, oelam, tjekak gampil kabetahanipoen kantja weteng mbekta saking tangsi pijambak. Namoe manawi kekirangan oelam, djagal ing Moentilan ingkang kapeerih ngladosi. Papan ingkang kanggé tilam i.p. peken Mtl. toewin gedong bioscoop. Abrag kadèkèkaken ing sangadjenging kawedanan. Kapal kaprenahaken ing peken kewan sarta pakawisan Kontroliran. Taksih kirang sapekensampoen wonten militair ingkang dateng, preloe tata-tata.

Anggènipoen adjar perang wonten ing redi Gana, goemoek alit bawah ond. distr. Doekoen.

Wonten ing Moentilan dangoenipoen kalih dinten kalih daloe ladjeng neroesaken lampah kilap dateng poendi ingkang koela pitakèni bo-



NGATOERI OENINGA!  
 Kala 6/7 '29 Anak  
 koela Bartolomeus Har-  
 djanta kaparingan adi  
 djaler, koela namakaken:  
**Antonius Harjata**  
 Matapitanipoen  
**REKSAATMADJA.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
 SAÉ TOEWIN AWÈT  
 INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
 INGGANG AWOEDJOED  
 ALCYON }  
 DUNLOP } RIJWIELEN  
 R. I. W. }  
**Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!**  
 GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG  
 MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA**

mémang tiada maoe pakai per-  
 tjoema, melainkan boeat djaga  
 keséhatan. Tetapi kalau tiada te-  
 rima obat jang selamaja baroe  
 dan paling baik, lebih pintar  
**Djangan beli sama sekali.**

**DJOKJA**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat  
**MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO**  
 soedah terkenal berapa banjak  
 poeloehan tahoen dan bisa dapat  
 beli dimana-mana tempat. Kalau  
 dapat beli tjap

**DJOKJA**

tanggong beli jang paling baik.  
 Djaga tjap „RATHKAMP”  
 dan „ERCEE”

**DJOKJA**

**DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.**

**TOKO H. SPIEGEL**

MALIOBORO 17  
 DJOKJA.

MAGAZIJN VAN  
**LUXE- en HUISHOUDELIJKE  
 ARTIKELEN**

KINDERWAGENS - SPORTKARREN  
 KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig . . . . . f 5,75  
 GASOLINE - LAMPEN. . . . . f 12,50

**WIDADANING  
 PRIESTERFONDS**

nedahaken bilih kita mangertos  
 dateng wadjib lan sesanggèn  
 kita pijambak.

**HEEL DE ARCHIPEL LEEST  
 DE KOERIER**

Eenig R. K. Dagblad  
 in Ned. Indie

**M. v. BIENE,**



Toekang herlodji  
 dan Toekang emas.

Adres jang  
 moerah

DJOKJA BANDOENG  
 Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
 LODJI dan PERKAKAS  
 EMAS.

Pembatja

**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran  
 Swara Tama

dapat **POTONGAN.**

**Baroe terbit:**

**PELADJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG**  
 Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST

dikeloearkan oléh:

BALAI POESTAKA - WELTEVREDEN.

Kitab ini baik sekali oentoek peladjaran bagi saudagar - sau-  
 dagar ketjil. Tjontoh-tjontohnja lengkap dan terang; keterangan-  
 keterangannja moedah dipahamkan, semoea diambil dari kedja-  
 dian jang sebenar-benarnja.

**Harganja** soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe  
 keloearan Balai Poestaka, jaitoe f 0,80.

**BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA”**  
 (1x seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA” (2x seminggoe).  
**MINTALAH DAFTAR KITAB-KITAB!**

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>8)</sup> 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi - api 7.30	Madioen 6 - 7.30.	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30.	Poerwodjo 7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak 7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30.	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara - Tara 7.30.
Djember 7.30	Medari <sup>6)</sup> 7.30	Sambas 6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:	Meester Corn. 7 - 9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Jav. 6 - 8.	Sawah Loento 7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
Kota Baroe 6 - 7.30.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Fort de Kock 7.30	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30	Cedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gombong <sup>3)</sup> 7.30	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Kediri 7.30	Pajakoembo 7.30.	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Klatèn 7.30	Palembang 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Koeta Radja 6.30 - 8.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30.	Soekaboemi 6 - 7.30.	

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.  
<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 4e. Achad.

ten wikan. Nanging béndjing tang-  
 gal kaping sawelas wangsoel malih,  
 tandanipoen loerah-loerah kadawo-  
 han ngladosi roempoet malih.

Ing salebeting bondajoeda menawi  
 para pradjoerit adamel risaking teta-  
 nemanipoen tijang doesoen, ingkang  
 gadah boten kénging élik-élik, na-  
 moeng kedah lapoer dateng kloera-  
 han. Jèn mekaten ragi loemajan,  
 prasasat panèn sadèrèngipoen mang-  
 sa. Nanging saking panginten koela  
 ingkang katah kok inggih remen  
 wetah tanemanipoen. Tjopi dipoen-  
 entosi kémawon kadadosanipoen,  
 bokmanawi koela saged ngatoeri ka-  
 bar para maos.

**KABAR SAKING NGAJODJA.**

Nalika tanggal 3 - 7 - 1929.  
 L. Jadiran martosaken: wantji sonten  
 ing aloen-aloen lèr wonten gara-gara,  
 tanpa prahara nanging teka wonten  
 ringin sempal (ingkang wonten ing  
 ngadjeng tratak rambat). Sareng te-  
 tijang sami toemandang ngesiki,  
 doemadakan pating begigik laré-laré  
 sami loemadjeng lan matoer noe-  
 woen, déné loewar saking ketindihan  
 pang waringin; oeda kawis laré  
 tigang-dasa. Ingkang tatoe sanget  
 satoenggal, ingkang boten sanget  
 sekawan, sadaja sami katoempaka-  
 ken ing montor kabekta ing Petro-  
 nela - hospitaal dipoenoepe - kara.  
 Djoeroe main bal ing gedègan ngan-  
 tos kèndel boten kètang sekedap,  
 margi gegèripoer tijang ing djawi  
 ingkang sami damel gara-gara.

Tanggal 1 - 7 - 1929 wonten sadè-  
 rèk Ngajodja tiga nglebeti pedame-  
 lan ing Soerabaja ingkang sampoen  
 kawarak-warakaken ing Centraal-  
 Katholiek ingkang kapengker.  
 Doemogining Soerabaja sami ka-  
 tjelik, awit dipoendawoehi njam-  
 boet-damel wonten ing radinan dados  
 koeli-ratan satahoen, jèn sampoen

ladjeng kaangkat dados mandor;  
 mangka wara-wara boten njabatken  
 ngoeli roemijin. Wah, memelas san-  
 get poenika!

Koela atoeri ènget Djokja—Soera-  
 baja poenika tebih, sepoeranipoen  
 boten sakedik, langkoeng-langkoeng  
 kanggé ingkang kasèkèngan. Dala-  
 san wonten ing Soerabaja sadèrèk  
 tetiga poenika waoe mèh boten  
 angsal sipengan; toedjoenipoen won-  
 ten sadèrèk goeroe ingkang melasi.  
 Saja ngoengon malih déné ing-  
 kang maringi padamelan waoe lan-  
 teran Rama Pastoor Mgr. Dr. Th.  
 de Backere, kok semanten!

Déné wekasanipoen ingkang sa-  
 toenggal wangsoel dateng Ngajodja,  
 poenika sangoenipoen taksih tjepak  
 kanggé mantoek.

Ingkang satoenggal malih nglebeti  
 ing Drukkerij Soerabaja, sangoe telas,  
 nanging teksih gadah gegaman ver-  
 klarung zetter.

Satoenggalipoen malih sangoe o-  
 gi telas toer gegamanipoen ketoel,  
 pramila dipoenlampahi dados koeli  
 ratan, (maar niet tegenzin). Para  
 sadèrèk pènget, poenika minangka  
 tjonto, sampoen ngantos kirang  
 wéwéka.

**MANTJA NEGARI.**

Kapoetoesianing pilihan warga  
 Tweede Kamer.  
 (Manoet tilgr. Aneta saking  
 Den Haag 4 Juli).

Roomsch-Katholiek . . . . .	30	(zetels)
Christelijk-Historischen 11	"	"
Anti-Revolutionairen . . . . .	12	"
Sociaal-Democraten . . . . .	24	"
Democraten . . . . .	7	"
Vrijheidsbond . . . . .	8	"
Communisten . . . . .	2	"
Kerstianen . . . . .	3	"
Lingbeek-partij . . . . .	1	"
Kleine Partijen . . . . .	2	"

Ngiras kagem pakem pisan, ké-  
 nging kanggé madosi tembé wing-  
 kingk manawi betah, ngandap poe-  
 nika tijangipoen ingkang sami ka-  
 pilih ing partij-partij waoe:

**Roomsch - Katholiek:**

A.N. Fleskens; mr. dr. L.N. Deckers;  
 E. Th. Lockfeer; mr. F. G. C. J. M.  
 Teulings; F. Th. Uijen; ir. L. J. M.  
 Feber; A. van der Meijs; dr. H. W. E.  
 Moller; Jac. Vos Ant. zn.; mr. J. R. H.  
 van Schaik; mr. A. I. M. J. baron van  
 Wijnbergen; L. F. J. M. baron Van  
 Voorst tot Voorst; Jhr. mr. Ch. J. M.  
 Ruijs de Beerenbrouck; C. J. Kuiper;  
 mr. J. A. G. M. van Hellenberg Hubar;  
 L. F. Guit; Ch. L. van de Bilt; dr. L. G.  
 Kortenhorst; mej. J. A. J. M. Meijer;  
 A. C. A. van Vuuren; A. J. Loerakker;  
 G. W. Kampschöer; J. G. Suring; prof.  
 mr. P. J. M. Aalberse; A. H. J. Engels;  
 Mgr. dr. W. H. Nolens; H. G. M. Her-  
 mans; J. J. B. Ament; ir. M. C. E. Bon-  
 gaerts; Mr. J. M. van Poll.

**Sociaal - democraten:**

W. H. Vliegen; W. Drop; A. B.  
 Kleerekoper; H. van Braambeek; J.  
 ter Laan; mej. S. Groeneweg; J. van  
 Zadelhoff; J. Brautigam; K. ter Laan;  
 A. W. IJzerman; A. H. Gerhard; J. v. d.  
 Tempel; E. Kupers; mr. dr. G. v. d.  
 Bergg; Mr. J. E. W. Duys; Ch. G. Cra-  
 mer; dr. Th. van der Waerden; mr.  
 G. W. Sannes; P. Hiemstra; J. W. Al-  
 barda; W. v. d. Sluis; J. H. Schaper;  
 mevr. de Vries-Bruins; A. v. d. Heide.

**Anti - revolutionairen:**

mr. Th. Heemskerk; H. Colijn; dr.  
 E. J. Beumer; J. Schouten; mr. J. A.  
 de Wilde; C. Smeenk; J. J. C. van Dijk;  
 C. van den Heuvel; prof. dr. H. Vis-  
 scher; A. Zijlstra; L. F. Duymaer van  
 Twist; dr. J. Severijn.

**Christelijk - historischen:**

mr. dr. Schokking; jhr. mr. D. J. de  
 Geer; J. Bakker; J. R. Snoek Henke-

mans; J. Weitkamp; dr. J. R. Slotel-  
 maker de Bruïne; J. M. Krijger; dr.  
 H. J. Lovink; H. W. Tilanus; mej. mr.  
 C. F. Katz; dr. C. W. Th. baron van  
 Boetzelaer van Dubbeldam.

**Vrijheidsbond:**

H. J. Knottenbelt; mr. A. G. A. Rid-  
 der van Rappard; Prof. ir. C. L. van  
 der Bilt; mr. G. A. Boon; dr. I. H. J.  
 Vos; C. J. van Kempen; S. E. B. Bie-  
 rema; mej. J. Westerman.

**Vrijzinnig - democraten:**

mr. H. P. Marchant; mr. P. J. Oud;  
 mevr. B. Bakker - Nort; Th. M. Kete-  
 laar; F. E. H. Ebels; mr. A. M. Joekes;  
 mevr. H. W. B. van Itallie-van Embden.

**Kerstenianen:**

(Oetawi) de Staatkundig Gerefor-  
 meerde Partij: ds. G. H. Kersten; ds.  
 P. Zandt en ir. C. N. van Dis.

**Lingbeekianen,**

(Oetawi) de Hervormd Gerefor-  
 meerde Staatspartij: ds. C. A. Lingbeek.

**Plattelandersbond:**

A. Braat.

**Communisten,**

Communistische Partij Holland  
 (sectie van de Communistische  
 Internationale): L. L. H. de Visser;  
 de Communistische Partij Holland  
 (C. P. H. Centraal Comité D. Wijn-  
 koop).

**Middenpartij:**

Floris Vos.

Karatjak ing sadajanipoen, sasat  
 boten wonten éwah-éwahan, dalasan  
 tijangipoen pisan.

Menggahing R.K. Staatspartij mle-  
 betipoen Max van Pol, Red. R.K.  
 Morgen, ing „De Nieuwe Eeuw”  
 sesinglon „Sub Umbra,” tijang  
 sadjawining kalangan Katholiek  
 mastani bilih ngempalipoen R.K. St.  
 partij jlan Socialisten, badé saja  
 gampil, djer Max van Pol — tjrijos-

ipoen — radi tjondong dateng per-  
 satoean poenika. Nanging bab poe-  
 nika kita boten sah samar, awit  
 leider Katholieke Fractie Mgr.  
 Nolens, sampoen boten kirang tjeta  
 pangandikanipoen, andoewa dateng  
 nijat ingkang makaten.

Ing Tweede Kamer énggal radi  
 katah ingkang sampoen sami titel  
 „Indische deskundigen” (teg, para  
 paham - ing - prakawis - babagan  
 Indie), i. p. Colijn, Van Boetzelaar,  
 Lovink, Van Kempen, Feber, Joekes,  
 toewin Cramer; Knottenbelt sam-  
 poen (malah dèrèng dangoe) naté  
 mriki.

Darsana, i. p. sadèrèk Kominis  
 ingkang kapangoelan exorbitante  
 rechten nalika djaman G. G. Fock,  
 sanadjan wonten ing lijst kominis  
 doemawah wonten angka kalih  
 (angka satoenggal De Visser!),  
 meksa boten dados. Golongan ko-  
 minis ndjedoel dados tigang go-  
 longan i. p. Lou de Visser, Wijnkoop  
 lan Sneevliet. Ing ngrikoe ketawis  
 malih: kominis pada kominis sami  
 gèsèhan.

\*\*\*

Kawartosaken, bilih sabakdaning  
 pilihan Sad. Salim medar sabda ing  
 parepatan Socialisten.— Elo, teka  
 tjempeloet ing kalangan socialist!

Sabibaring pilihan teksih satoeng-  
 gal ingkang kedah katindakaken,  
 amrih wangsoelipoen pangerèh ka-  
 dos ngadjengaken Zaken - kabinet-  
 De Geer, i. p. pambangoening ka-  
 binet. Partij-Coalitie (tiga nginggil  
 pijambak) gadah meerderheid malih  
 sebab anggadahi koersi (zetels) 53.  
 Nanging wangsoelipoen kabinet  
 tengen, taksih dados tjangkriman,  
 inggih sanadjan manoet pawartos  
 tw. Colijn ndikakaken mangoen Ka-  
 binet déning Sang Radja Poetri.—  
 Poenika kabar!